



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI ASIRE SALÈ KI ANVIGÈ POU TRAVAYÈ NAN KONSTRIKSYON YO K AP REYALIZE KÈK TRAVAY SÈVIS PIBLIK SOU WOUT YO

Lejislasyon (S.4887/A.5608) pral egzije pou travayè nan konstriksyon pou pwojè ki mande fouye oswa ouvri yon wout resevwa yon salè ki jis

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te siyen lwa (S.4887/A.5608), ki mete anvigè Lwa sou Asirans Kalite Wout la, ki ranfòse mendèv konstriksyon New York la lè li asire yo peye yo salè ki anvigè a. Egzijans sa a ankouraje travayè yo ak kominote lokal yo atravè Eta New York epi kontribiye nan sèvis piblik fyab pou kontribiyab yo.

"Travayè konstriksyon nou yo pèmèt Nouyòkè yo deplase men yo souvan pa byen peye travay di epi ki gen enpak yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a ki pral bay travayè konstriksyon yo salè jis epi ki pral pèmèt yo sipòte tèt yo, fanmi yo ak ekonomi lokal nou an".

Lejislasyon (S.4887/A.5608) amande lwa travay la pou adopte "lwa sou asirans kalite nan fouy wout" pou pwoteje travayè yo nan pwojè ki mande fouy oswa ouvèti yon lari. Lejislasyon sa a mande pou kontraktè ak soutretan konpayi sèvis piblik yo peye salè ki anvigè a bay anplwaye sou pwojè kote yo oblije bay yon pèmi pou itilize, fouye oswa ouvri yon lari.

Chèf Adjwen Sena Eta, Michael Gianaris, te deklare, "Travayè yo ki kenbe ak amelyore enfrastruktir nou yo enpòtan anpil pou kominote nou yo epi yo merite yon salè ki anvigè. Li bon pou travayè kalifye sa yo, epi li bon pou ekonomi lokal yo atravè New York. Mwen kontan dèske Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa sa a".

Manm Asanble Karines Reyes te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li ogmante salè travayè k ap repara wout nou yo epi ranfòse ekonomi lokal eta nou an. Lè li siyen lejislasyon sa a, gouvènè a garanti ke travayè sou wout yo pral resevwa salè ki anvigè a pou sèvis yo epi asire ke yo peye travayè yo yon fason pwopòsyonèl pou konpetans vital yo deplwaye yo. Nouvo lwa sa a pral pèmèt pati enpòtan sa a nan mendèv New York la reponn ak bezwen fanmi yo ak re-vesti nan biznis lokal yo. Mwen remèsye Senatè Gianaris pou patenarya li nan adopte pwojè lwa

sa a, Gouvènè Hochul pou lidèchip li, ak LIUNA pou devouman yo nan inisyativ sa a".

Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul paske li priyorize sekirite pandan l ap asire travayè yo pral jwenn peman jis pou travay yo. Egzije estanda salè ki anvigè nan pwojè fouy wout yo pral mennen nan itilizasyon yon mendèv ki trè byen fòme ak konpetan, ede pwoteje sekirite piblik ak ede genyen sèvis piblik ki fyab. Nou remèsye gouvènè a paske li siyen pwopozisyon an epi nou remèsye Majorite Demokrat nan tou de chanm yo ak esponsò pwojè lwa a, Lidè Adjwen Majorite Sena a Mike Gianaris ak Manm Asanble Karines Reyes".

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Biding ak Konstriksyon Eta New York la, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pati lejislasyon sa a ki pral benefisye travayè nan konstriksyon yo nan New York. Salè ki anvigè yo bay travayè yo ak ekonomi an bon jan avantaj, paske yo pèmèt Building Trades kontinye kreye karyè klas mwayèn pou soutni fanmi yo. Nouvo lwa a pral pwoteje sekirite piblik ak fyabilite sèvis piblik lè li asire pwojè fouy wout sa yo itilize yon mendèv ki trè byen fòme ak konpetan. Nou espere kontinye travay ak Gouvènè a ak patnè nou yo nan Lejislati a sou lòt politik ki gen sans pou benefisye travayè yo atravè gwo Eta sa a".

Dan Bianco, Vis Prezidan LIUNA ak Manadjè Rejyonal New England, te deklare, "Pandan plizyè deseni, sendika nou an te ankouraje pou elaji egzijans sa a soti sèlman nan Vil New York pou rive nan rès eta a. Se te yon batay long ak difisil ke gason ak fanm nan New York State Laborers (Travayè Eta New York) ki pral benefisye manm nou yo endefiniman te mennen. Nou ta renmen remèsye kòlèg enpòtan nou yo nan Sena a ak Asanble a, espesyalman Prezidan Asanble Carl Heastie, Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins, esponsò pwojè lwa a Senatè Eta New York Mike Gianaris ak Manm Asanble Karines Reyes, Prezidan Travay Sena a Jessica Ramos ak Prezidan Travay Asanble a LaToya Joyner, ki rekonèt enpòtans pou peye salè solid bay travayè yo, sekirite, fòmasyon epi kenbe gwo konpayi sèvis piblik yo responsab anè moun biznis yo ap sèvi yo. Sa ki pi enpòtan toujou, nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske l kanpe kòt-a-kòt avèk manm fyè LIUNA yo ak paske li siyen lejislasyon sa a, epi paske li se yon alye solid pou gason ak fanm sendika a ki bati New York apati anyen!"

Prezidan Konferans Enjenyè Operasyon Eta New York la, Thomas A. Callahan, te deklare, "Konferans Enjenyè Operasyon Eta New York (NYS Conference of Operating Engineers) la remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè sa a. Travayè nan sektè sa a pral kounye a resevwa salè ak benefis yo merite. Nou vle tou remèsye Lejislati Eta New York la- espesyalman esponsò yo- paske yo te adopte pwojè lwa enpòtan sa a".

###